



Konprann kontra ou la ak kouvèti ki disponib yo se kle pou asire ke kay ou a gen pwoteksyon adekwat. Li enpòtan pou ou li ak swen dokiman kontra asirans Citizens ou a pou konprann ki tip kouvèti ki enkli epi tou ki franchiz oswa esklizyon ki ka aplike. Ajan ou la se pi bon sous enfòmasyon si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan asirans ou a.

Pou plis enfòmasyon konsènan kontra ou la ak kouvèti ki disponib, kontakte ajan ou la oswa Citizens nan 866.411.2742 oswa vizite www.citizensfla.com/personal-policies.

Èske Ou Te Konnen?

- Asire ou ke ajan ou la konnen tout mizajou ki fèt lakay ou oswa estrikti ki atache yo tankou kontwa granit, kloti ki fèmèn, galri ki kouvri, pakin ki kouvri epi patio – paske bagay yo ka ogmante ACV kay ou a.
- Lè ou pa bay fabrikan ak modèl kay ou a, sa ka pwodui diminisyon ACV a.
- Si ou kwè ke estimasyon ACV Citizens ou a pa kòrèk, konsilte ajan ou la.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?
Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou
Entènèt nan myPolicy sou
www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742

Scan QR code to
report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at
www.citizensfla.com/brochures.

La version en Español esta disponible en
www.citizensfla.com/brochures.



Citizens Property Insurance Corporation
866.411.2742
www.citizensfla.com

04/24

Kontra Kay Mobil: Tip Kouvèti



Kouvèti Estanda*

Kontra asirans pèsònèl pwopriyete kay mobil rezidansyèl Citizens la genyen plizyè tip kouvèti estanda.

Kouvèti A – Lojman

Kouvri kay ou ak kèk estrikti ki atache. Montan kouvèti ki baze sou valè lajan kach (ACV) kay ou a, ki detèmine pa kou ranplasman kay ou a mwens depresyasyon. Pou fè sèten ke ou asire yon fason adekwat, revize kontra chak ane ak ajan ou la epi founi plis detay posib konsènan kay ou, ki gen ladan nenpòt amelyorasyon ou te fè.*

Kouvèti B – Lòt Estrikti

Kouvri estrikti ki pa atache fizikman ak kay ou a, tankou abri depo ak garaj detache. Limit kouvèti asirans lan otomatikman se 10% Kouvèti A; limit kouvèti ogmante ak opsyon ka disponib.*

Kouvèti C – Pwopriyete Pèsònèl

Li kouvri valè depresyasyon pwopriyete pèsònèl ou, tankou rad ak mèb. Limit kouvèti asirans lan otomatikman se 25% Kouvèti A; limit kouvèti ogmante ak opsyon ka disponib.*

Kouvèti D – Pèt Itilizasyon

Li kouvri depans siplemantè pou viv ak/oswa valè lokasyon jis si ou a pa ka abite tanporèman nan kay mobil ou a apre yon pèt ki kouvri. Kontra asirans kay mobil yo kouvri valè lokasyon jis sèlman.*

Kouvèti E – Responsabilite Pèsònèl†

Kouvri dega kòporèl oswa dega pwopriyete ke ou menm oswa lòt moun ki anba kouvèti kontra a y ap konsidere nou legalman responsab.*

Kouvèti F – Pèman Medikal bay Lòt Moun†

Kouvri depans medikal rezonab ak nesèsè si yon moun blese nan pwopriyete ou la oswa, dapre kèk sikonstans, deyò pwopriyete ki asire a.*

Kouvèti Pèt Anfonsmen Teren†

Kouvèti pèt anfonsmen teren an otomatikman enkli nan kontra kay mobil ou a san ankenn prim siplemantè. Pèt anfonsmen teren pwodui lè gen doman estriktirèl akòz yon anfonsmen ki konfime. Yon enspeksyon anfonsmen ka obligatwa.

*Limit ak esklizyon ka aplike. Limit kouvèti predetèmine yo ka varye. *Konsilte kontra oswa ajan ou la pou konfime kouvèti espifisik kontra la ak esklizyon yo.*

†Pa disponib nan kategori kontra van sèlman.

Kouvèti Opsyonèl

Kouvèti sila yo ka disponib pou yon prim siplemantè: Konsilte ajan ou la pou detèmine kouvèti ki pi apwopriye a bezwen ou yo.

Kouvèti A Ogmante – Lojman

Kay ou a ka asire pou yon montan ant 100 a 150% de estimasyon ACV li a.

Kouvèti B Ogmante – Lòt Estrikti

Kouvèti pou Lòt Estrikti (Kouvèti B) disponib jiska 60% Kouvèti A a.

Kouvèti C Ogmante – Pwopriyete Pèsònèl

Kouvèti Pwopriyete Pèsònèl (Kouvèti C) disponib jiska 100% de Kouvèti A a (70% pou van sèlman).

Kou Ranplasman Pwopriyete Pèsònèl

Kouvri kou ranplasman pwopriyete pèsònèl ou (Kouvèti C) san dediksyon pou depresyasyon. Pa disponib nan kontra kay mobil.

Kouvèti siplemantè yo ka gen ladan Retire Debi; Reparasyon rezonab; Pye bwa, Touf ak Lòt Plant; Chaj Sèvis Depatman Ponpye; Pwopriyete Retire; Kat Kredi, Kat Transfè Fon, Falsifikasyon ak Fo Lajan; Evalyasyon Pèt; Anfonsmen Katastwofik Kouvèti Tè; Glas oswa Materyèl Vitraj Sekirite; Mèb Pwopriyete; Chanpiyon, Pouriti Mouye oswa Sèk, Ledven oswa Bakteri; Odonans oswa Lwa.*

*Limit ak esklizyon ka aplike. Konsilte kontra oswa ajan ou la pou konfime kouvèti espifisik kontra la ak esklizyon yo.

Lòt Karakteristik Kontra

Dediktib (Franchiz)

Yon *dediktib* reprezante depans ki sot nan pòch ou, moun asire a, ke ou responsab pou ou peye nan yon reklamasyon ki kouvri. Kantite lajan sa a aplike sou kantite total domaj ki kouvri a pou detèmine responsablite Citizens. Pèman yo fèt sèlman si kantite

pèt ki garanti a depase dediktib ou an. Ou ka jwenn enfòmasyon sou dediktib ou a nan paj *Deklarasyon* kontra asirans ou a.

- **Dediktib Siklòn** – Dediktib pou Siklòn ou a se yon depans ou responsab pou li ki sot nan pòch ou epi li dwe depase anvan pou Citizens peye pou domaj siklòn ki kouvri nan kontra asirans ou a. Dediktib pou Siklòn nan an jeneral se yon montan dola ki pi wo pase lòt dediktib kontra asirans yo epi li baze sou yon pousantaj nan Kouvèti A ou a.

Dediktib pou Siklòn yo aplike sou yon baz ane kalandriye (sètadi Janvyè jiska Desanm). Pandan yon sezon ki chaje ak siklòn, y ap sèlman mande pou ou peye dediktib siklòn ou a yon sèl fwa – menm si ou fè reparasyon nan plizyè tanpèt ki gen non. Rapòte reklamasyon yo epi kenbe fakti pou reparasyon siklòn yo menm si ou pa atenn dediktib ou a nan yon tanpèt. Nenpòt montan ou peye ap aplike nan dediktib Siklòn ou pou ane kalandriye a, sa ki redui pri ou pou nenpòt lòt tanpèt ane sa a.

- **Dediktib Tout Lòt Risk (AOP) Dediktib Siklòn** – Si kay ou a andomaje akòz yon risk ki kouvri ki pa yon siklòn, dediktib Tout Lòt Risk yo (AOP) aplike. Dediktib AOP yo se yon montan dola fiks.
- **Lòt Dediktib Tanpèt Van (Van Sèlman)** – Kontra Van Sèlman yo asire kay ou a kont dega tanpèt van. Tip kontra asirans sa yo gen yon dediktib pou Lòt Tanpèt Van ak yon dediktib Siklòn. Dediktib pou Lòt Tanpèt Van an aplike pou domaj akòz yon tanpèt van (tanpèt twopikal, tònad oswa lagrèl) ki pa yon siklòn ki gen non. Anjeneral, dediktib Lòt Tanpèt Van yo se yon montan dola fiks.

Asirans Inondasyon

Kontra asirans Citizens kay mobil ou a pa kouvri domaj ki soti nan dlo k ap monte (inondasyon, vag, radmare, onn tanpèt, elatriye). Se sèlman asirans inondasyon ki kouvri pri domaj ak pèt inondasyon. Lejislasyon an fè li obligatwa pou pifò moun asire Citizens ki gen kouvèti van pou yo kenbe yon kontra asirans inondasyon. Asirans inondasyon disponib atravè konpayi prive epi Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon. Kontakte ajan w lan oswa vizite www.floodsmart.gov pou w' aprann plis.